

UMUGENDUZI MFATAKIBANZA AKAZI AJEJWE



IVYEREKEYE RIFPC

Inama Ikurikirana Ibifungurwa ya Rhode Island(RIFPC) ni umuhora wigenga ukorera mu gihugu cose ufise intumbero yo guteza imbere uburyo bwo kubona imfungurwa kuri bose, vyoroshe, mu buryo buteye imbere, hamwe no mu buryo bwiza bukingira ibidukikije. Turakomeza ugufatana mu nda, tugateza imbere imigambi ikomeye ngirakamaro, kandi tukarwanira ko habaho uburyo bwiza bwo kuronka imfungurwa. Mu gikorwa cacu turashimikira ku kunganisha abantu, mu buryo bukora ku mpande zose z'ukuntu ibifungurwa bironderwa, bisarurwa, bitunganywa, bitangwa, vyiherezwa, hamwe rero no gucungera isesagurwa. Dukoresha umugwi muto w'abakozi, mu gukora twese hamwe, mu buryo bwogukora twese bunyamwuga, abagize inama batandukanye, hamwe rero n'abo dufatanije ibikorwa bava muri Leta ya Ocean hose. Mwipfuzwa ayandi makuru ku vyerekeye RIFPC mushobora kuyasanga kuri www.rifoodcouncil.org.

Inama Ikurikirana Ibifungurwa ya Rhode Island iriko irarondera umukozi w'umukutsakivi ahembwa **Umugenduzi Mfatakibanza**. Amabanga y'uyo muntu ni ayakurikira:

- Gushikana ubufasha ku barimiye batari babikwiye bo muri kahise ku bijanye no kubashikana ku babafasha kubona ubuhinga hamwe n'imigambi ya USDA
- Gukomeza imigenderanire n'abarimiye ba kera batari babikwiye hamwe na USDA, RIFPC, Rhode Island Conservation Districts, hamwe n'imiryango dufatanije ibikorwa
- Gufasha abarimiye bo muri kahise batari babikwiye bari mw'Izinga rya Rhode gushika kw'iterambere mu kazi, gufatanamunda, hamwe no kubana neza

Umuntu akwiye iki kibanza akwiye kuba:

- **Atahura neza umugambi.** Umuntu afise ubunararibonye mu bijanye no guha imfashanyo ku barimiye hamwe n'imigambi y'ingurane.
- **Umuntu yugurutse, agira ibanga kandi azigutanga amakuru neza.** Umuntu aciye ubwenge kandi azi neza kubana neza, yumviriza ubwa mbere, abaza ibibazo, kandi akaba afise ubumenyi bungana mu kuvuga no mu kwandika.
- **Umuntu arima ibifungurwa.** Umuntu afise ubunararibonye mu bijanye no gutera no kurima ibiterwa canke kworora ibitungwa mw'Izinga Rhode, ku rugero urwo ar'irwo rwose.
- **Umuntu ashoboye kwubaka imigenderanire.** Umuntu anezerezwa no kugirana imigenderanire n'abandi, kubonana n'abantu iyo bari hose mu buryo butandukanye bwose bwo kubashikira hamwe n'ibindi.
- **Umuhagarikizi.** Umuntu anezerezwa no gutegura amanama kandi atahura neza ibiganiro nabo bakorana.

Umugenduzi arashikiriza icegeranyo k'Umuyobozi w'Umugambi wa Food Business and Economic Development, akaboneka mu manama ya buri yinga, akavugana n'Umuyobozi w'Umugambi(Program Director), kandi akanavugana n'abandi bakozi, Abagize inama hamwe n'abagize umuryango bose ku bikorwa runaka. Uwo mugenduzi aribonanira kandi imbonankubone n'abarimiye hamwe n'amashirahamwe dufatanije ibikorwa, arafasha kandi mw'iterambere no mu buhinga bw'ibikorwa vyo mu mirima, maze akanamenyesha abagize RIFPC aho bigeze.

UMUGENDUZI MFATAKIBANZA AKAZI AJEJWE



Iki n'ikibanza nkutsakivi ukora amasaha 20-25 ku ndwi ku \$30 kw'isaha. Igenekerezo ryo gutangurira ko ryoshobora guhinduka, vyihuse hose nko muri Munyonyo kubandanya gushika muri Ndamukiza 2024. Ibikorwa vyinshi bizohora bikorwa umuntu ahiberereye, yamara hazonabaho amanama ku muhora ngurukanabumenyi. Ayo mabanga asaba ko umuntu akora ingendo nyinshi mw'Izinga Rhode mu kugendera abarimyi hamwe n'abateragira. Uwo mugenduzi yitezweko azokoresha umuduga wiwe mu kugendagenda mu gihugu cose, maze ivyakoreshejwe akazobisubizwa hakoreshejwe urugezo rwo mu gihugu cose.

IVYO AJEJWE

- Gushika ku barimyi bakera batari babikwiye ukabashikiriza amakuru yerekeranye n'imigambi ya USDA, ubufasha mu bijanye no gushika kubatanga ubufasha mu buhinga, hamwe n'amakarishabwenge hamwe n'ibindi bitegurwa
- Gufasha mu biganiri hagati y'abarimyi batari babikwiye mu kwerekana intambanyi bahura nazo mu kuronka ubufasha mu bijanye n'ubuhinga no mu kwerekana inyungu nyamukuru z'ibikorwa vy'uburimyi
- Gushigikira ukworohera amakarishabwenge mw'Izinga rya Rhode ryose mu ntumbero yo guteza imbere akazi k'uburimyi hamwe n'inyungu nyamukuru zo kwiga ibikorwa vy'uburimyi nk'uko zerekanywe
- Gufashanya n'amashirahamwe dufatanije ibikorwa mu guhagarikira ugushikira abarimyi be n'amakarishabwenge
- Gushigikira iterambere ry'ayandi masoko y'amafaranga canke ubuhinga biba vyateguwe hamwe n'amakarishabwenge
- Guteza imbere uguhana amakuru hamwe no kubashikiriza uburyo butuma hashirwaho uburinganire hamwe n'ukuroka ivyo bakeneye
- Gukora ibindi bikorwa nk'uko bisabwa n'Umuyobozi Mukuru w'Umugambi W'Imfungurwa n'Iterambere mu Butunzi (Program Director for Food Business and Economic Development)

IBISABWA

- Akamenyero mu gutegurira, gusaba, canke gushira mu ngiro ibisabwa canke ingurane, cane cane bivuye muri USDA (FSA, NRCS, n'ahandi) hamwe n'abandi bantu bashinze ibifise aho bihuriye n'uburimyi
- Ubunararibonye mu burimyi canke mu kurima ibifungurwa canke mu yindi mihora kubarimyi mw'izinga rya Rhode
- Ubwisanzure mu gukorana hamwe no kuvugana n'abantu benshi batandukanye ku turere, kahise, hamwe n'ubumenyi bitandukanye
- Ubunararibonye mu gukoresha Google Drive, Excel, MS Office Suite, Zoom, Basecamp, hamwe n'izindi mbuga z'ubunyamwuga
- *Ivyipfuzwa cane:* Kuvuga neza mu rurimi urwo ari rwo rwose muri zino: Iki espanyole, Hmong, Ikinyarwanda/Ikirundi, canke Igiswahili
- *Ivyankenerwa:* Ubunararibonye mu guhagarikira amakarishabwenge canke amanama
- Ubushobozi bwo kwumviriza, kuvuga no kwandika neza
- Ubushobozi bwo kubasha kubonana n'abodufatanije ibikorwa hose mu gihugu

UMUGENDUZI MFATAKIBANZA AKAZI AJEJWE



- Impamyabumenyi ya mbere(High school diploma) bimwe mu vyirwa mu bijanye n'uburimy, ubutare, canke uburongozi rusangi canke mu rudandaza
- Ubumenyi bw'uko ibijanye n'ibifungurwa bitunganijwe mw'Izinga rya Rhode/mu karere burakenewe
- Kuba ufise nimiriburi imyaka 17
- Umunyagihu wa US, canke Umwenegihugu wa U.S, canke Wemerewe kuba muri US ubuzima bwawe bwose(Residence permanente)
- Kuba witeguye gukora gusuzumwa kahise kawe mu bijanye n'ivyaha(National Criminal History Background Check)

Menya neza: Turahimiriza abantu basaba ku gatwe kabo bizera ko bafise ubushobozi nshingiro kandi bashobora kwerekana ubushobozi bwo gukora neza amabanga bajejwe, naho woba udafise buri kimwe cose mu vyavuzwe ko bikenewe/ubumenyi.

Abantu bashaka gusaba ku gatwe kabo bakwiye kurungika ikete ribashingira intahe(Cover letter) hamwe na CV(resume) kuri info@rifoodcouncil.org hamwe na "Seasonal Outreach Coordinator" mu mutwe w'amajambo. Akarorero k'inyandiko kodushimisha, ariko s'itegeko aho bigeze ubu.